# DINDI ËMB AG GARAB

BII DI MISOPOROSTOL

## ÑJARIÑU GARAB GIY DINDI EMB GU ANTUWUL

Misoprostol dafay dàkkal ëmb 9 ci 10i jigéen.

## LEES MËNA DEF SUDEE DINDI ËMB GI ANTUWUL?

Jigéen ji mën na jëlaat garab gi wala mu jëfandikoo aspiration. Amul benn sikk ci ngelabon wu jagadi su ëmb gi wéyee ginaaw bimu jëlee garab gi.

## NDAX SAMA DINDI ËMB GI ANTUNA?

**Doonte jigéen ji dafa yëg ni ëmbatul, na leen bir ni dindi ëmb gi jaar na yoon. Dees na amal caytug ëmb ginaaw dindi ëmb gi jaaraleko ci garab, wala leerlug ëmb 3 wala 4i ayu-bis ginaaw biñu dindee ëmb gi.**

Sudee jigéen ji **ñàkkul dereet**, wala sax **ñàkk dereet bi neew loolu** (gëna neew dereetu mbaax te deful lumbu), te/wala **mu wéy di wane màndargay ëmb** ginaaw bimu jëfandikoo garab yi, amaana daa ëmb ba leegi. **Dafa wara amal caytug ëmb** ci nimu gëna gaawe ngir xool ndax ëmb gi mingi wéy am déet, su ko mënul, mën na jëfandikoowaat garab yi.

## GANNAAW BIÑU DINDEE ËMB-GI

Gannaaw bi ñu dindee ëmb bi, jigeen ji mën naa wéy di ñàkk dereet tuuti ci diiru 1 wala 3i ayu-bis, waaye jigéen ju nekk wuute na ak moroomam.

Deesu la dugal dara ci biir awra bi (tampoo), wala di sangu, wala sëy ba ñàkkum dereet ju bari ji jeex, lu tollu ci 2i fan ginaaw biñu dindee ëmb bi jaaraleko ci garab.

**Jigéen mën na ëmb ci saasi ginaaw dindi ëmb!** Ngir moytu ëmb ci saasi, sudee bëggul, fàww mu jëfandikoo xeetu kontrasepsioŋ (sorale jur) bu baax.



## LUY MISOPROSTOL?

Xeetu garab la bu ñuy jëfandikoo ci àdduna bi yépp ngir dindi ëmb ci anam wu wóor ak faj biiru taññ. Ñu ngi koy jaay ci farmasi yi ci turu jënd ak jaay yii: Cytotec, Isovent, Misoclear, MisoFem, Cyrux wala Tomispral. Ci réew yu bari ci Afrig, dañu ko bind ngir moytu ak faj ñàkkum dereet ju bari ginaaw wësin (Ñàkk Dereet Ginnaaw Wësin - HPP).

## XIBÀAR YU AJU CI MBOOTAAY YI


Women HelpWomen
WEB: HTTPS://WOMENHELP.ORG/
EMAIL: INFO@WOMENHELP.ORG
TWITTER: @WOMENHELPORG
FACEBOOK: WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL

MAMA Network: Mobilizing Activists around Medical Abortion (MAMA).
WEB: WWW.MAMANETWORK.ORG


WHW women help women

MAMA

# MISOPROSTOL,

## LUTAX ÑU KOY JËFANDIKOO?

Dindi ëmb ci anam wu wóor. Paj ginaaw dindi ëmb wala ginaaw ñàkkum ëmb (ngir faj dindi ëmb gu antuwul). Faggu ak faj ñàkkum dereet ginaaw wësin (PPH – ñàkk dereet gu bari gannaaw wësin). Paj biiru taññ.

## NEES KOY JËFANDIKOO?

Misoprostol dafay waral butitu njur gi di gëna dëgër, di nooyloo ba noppi yaatal boppu butitu njur gi, mu niru ak ñàkkum ëmb

## BA KAÑ LAÑU KO MËNA JËFANDIKOO NGIR DINDI ËMB CI ANAM YU WÓOR?

Ci 12i ayu-bis yi njëkk ci ëmb gi, tàmbalee ci bis bi njëkk ci gis mbaax gi mujj.

## NAKA LAÑUY JËFANDIKOO MISOPROSTOL NGIR DINDI ËMB CI ANAM WU WÓOR?

Jigéen soxla na 12i **doomu misoprostol**, dees ko wara naan ci limu 4i doom, 3i waxtu yu nekk

3h

Tegal 4 doomu misoprostol ci suufu làmmiñ wi 30 simili

30 min

bul wann, bàyyil mu seey

Gannaaw 3i waxtu, tegal yeneen 4i doom ci suufu làmmiñ wi diiru 30i simili,

30 min

bul wann, bàyyil mu seey

Gannaaw 3i waxtu, tegal yeneen 4i doom ci suufu làmmiñ wi diiru 30i simili,

30 min

bul wann, bàyyil mu seey

**Sudee gannaaw 3i waxtu ñàkkul doom ji, jigéen ji mën na yokk yeneen doom 3i waxtu yu nekk ba keroog muy mat.**

## LU MËN A XEW GANNAAW BI NGA JËLEE MISOPROSTOL?

Metit wu tar ak ñàkkum dereet bu gëna tar boo gisee mbaax.

Ci lu tolloog 80% ci mbir yi, mënees na dindi ëmb gi ci 24i waxtu yu njëkk yi.

Lu ëmb gi di gëna wëy, jigéen ji di gëna ñàkk dereet.

Mënees na naan garab yiy wàññi metit wi ak dosu njëkk bu misoprostol bi. Ibuprofen moo ci gëna gaaw. Mënees na jëfandikoo paracétamol/acétaminophène ngir yokk ci paj mi.



## NJEEXITAL YU MËNA AM

24i waxtu ginaaw boo jëlee garab gi, màndarga yii mën nañu feeñ: xel mu teey, waccu, biir buy daw, yaram wu tàng ba 38°, boppu buy metti ak/wala miir. Njexital yooyu amu ñu benn loraange, ginaaw waxtu yu néew dina ñu dem.

## YAN ÑOOY MÀNDARGA YIY WARAL JAFE-JAFE YI?

Ñàkkum dereet gu bari (2 wala 3i toolin yu sell yu ñuy feesal waxtu wu nekk lu ëpp 2 wala 3i waxtu yu toftaloo). 2h

Yaram wu tàng wu metti (lu ëpp 39°), wala 38° lu weesu 24i waxtu. 24h

Metit wu metti wu yàgg gannaaw bi ñu dindee ëmb bi, yu garab yuy wàññi metit mënula sax dindi.

Dereetu mbëret gu jaarul yoon te and ag xet croquis

## LEES MËNA DEF SU JAFE-JAFE AMEE?

**Demal ci ndalu faju bi ci saasi.**

Su jigéen soxlaa paj, **faj-kat yi dañu ko wara toppatoo.** Saafara loraange yi aju ci dindi ëmb jaaraleko ci garab wuute wul ag saafar loraange yu aju ci ñàkkum ëmb. **Mëneesu la wuutale ñàkkum ëmb ag dindi ëmb ci jëfandikoo misoprostol**. Kon jigéen ji soxla paj **mën na wax ne dafa ñàkkum ëmbam**.